

excluded
WORKER\$
fund

Ministère Travay Eta Nouyòk



66

You nan pi gran priorite m lè m te pran biwo a se te asire m sekou ki lye ak pandemi an disponib pou tout travayè nan yon espas tan ki rezonab ak yon fason ki efikas. Nou te atenn objektif sa a nan yon ti kras tan. Mwen fyè pou vitès distribisyon san presedan benefis Fon pou Travayè yo Mete Deyò yo (Excluded Workers Fund, EWF) ak enpak lajan sa yo fè sou fanmi imigran yo nan tout Eta a.

Pa gen moun ki konnen pi byen ke travayè esansyèl Nouyòk katastwòf pandemi COVID-19 la fè. Non sèlman fanmi yo ak kominote yo nan pami moun viris la plis frape, men anpil pèdi mwayen pou yo viv epi byen bonè yo twouve yo deyò pil miryad pwogram sekou ki kenbe anpil lòt Nouyòkè anvi.

Soti nan machann k ap vann nan lari rive nan travayè domestik, chofè livrezon, ak moun k ap fè manje - literalman plizyè santèn milye travayè imigran fè-salè delivre sèvis vital ki kenbe Nouyòk an mach pandan jou ki te pi nwa yo, yon tan kote anpil lòt moun jwenn privilèj pou yo travay lakay yo. Poutan, pou sila yo ki pa gen estati imigran, gwoup travayè enpòtan sa a pa resevwa okenn chèk nan men gouvènman an (stimulus checks), okenn asirans chomaj, okenn èd federal oswa lòt sekou lavi pou kenbe yo an fonksyon pandan pandemi an - a tout yo peye taks epi kontribiyè anpil nan tout aspè nan ekonomi an.

Sa te chanje 1 Out 2021 an piske Fon pou Travayè Yo mete deyò yon bagay istorik nan Eta Nouyòk, pi gwo pwogram nan fason pa l nan peyi a, te kòmanse aksepte aplikasyon. Fon 2,1 milyon dola, Kò Lejislatif Eta Nouyòk te pase an Avril 2021 an, bay sekou nan fòm pèman yon sèl fwa jiska 15 600\$ a 128 000 travayè esansyèl nan tout eta a.

Kòm anpil rezidan k ap viv nan eta sa lontan konnen, Nouyòkè yo toujou kanpe ansanm pandan tan ki plis difisil yo. Menm jan anpil moun pran tan yo nan fenèt yo nuit aprè nit pou yo bay aplodisman eklatan pou travayè ki twouve yo anpremye ran, EWF anplifye valè konpasyon, ekite ak egalite ki defini nou kòm yon eta.

Moun sa yo ki mete lavi yo an premye ran te goumen anpil pou yo jwenn fon san parèy sa a pandan y ap ogmante ekonomi lokal nou yo. Se rezilta defansè travayè yo ak kominote yo ki te fè mach, fè rasanbleman e men ale nan manifestasyon grangou pou yo ka fè Albany tandè ka yo.

Se rezilta tou lejislasyon ak otorite nan gouvènman ki rekonèt ke pandan anpil travayè ak biznis kòmanse ap reprann yo anfonksyon de pèt yo fè ki lye avèk pandemi an, imigran ki pa gen papye nou yo sitou rete vilnerab lè ni kesyon de lojman, swen sante ak anplwa.

Sa ki anba se yon rapò ki rezime an detay divès eleman fon istorik sa a.

Kòdyalman,



Gouvènè Kathy Hochul



Ministè Travay Eta Nouyòk (NYS Department of Labor)



Fon pou travayè yo mete deyò
(excluded workers fund)

1. APÈSI	4
2. PREMYE APWÒCH KOMINOTE A	5
3. PATENARYA AVÈK MOUN KI GEN ENTERÈ ENPÒTAN YO	6
4. SOLISYON TEKNOLOJI INOVAN	7
5. RANPLI YON APLIKASYON	8
6. TRETMAN APLIKASYON	9
7. PWEN DONE KLE	11
8. LÒT ISTWA DE NOUYÒKÈ YO	12
9. MANJE REZTORAN VANN OU KA MANJE DEYÒ (TAKEAWAYS)	15

1. APÈSI

Aprè plizyè mwa bonjan efò defansè yo ak kominote ki touche nan tout Eta Nouyòk la, nan dat 19 Avril 2021 an Kò Lejislatif Eta Nouyòk la ak Gouvènè a adopte Fon istorik 2,1 milya dola pou travayè yo mete deyò (excluded workers fund), premye pwogram ki laj nan dimansyon sa a nan fason pa l nan peyi a. Fon an kreye pou bay sekou finansye a moun k ap viv Nouyòk ki pèdi revni yo pandan pandemi an epi ki pa ka jwenn benefis nan divès pwogram sekou federal, ak benefis chomaj e benefis akòz pandemi an. Imedyatman aprè yo te fin pwomilge pwogram lan nan lalwa, Ministè Travay Eta Nouyòk (New York State Department of Labor - DOL), ajans ki te takse operasyonalizasyon fon an, te kòmanse pwosesis reyalizasyon an.

Pwogram lan te antre anliy 1 Out 2021 epi nan premye mwa nou te resevwa plis pase 90 000 aplikasyon. Pou kalifye pou benefis EWF, aplikan yo te dwe verifye idantite yo rezidans yo nan Eta Nouyòk. Benefis fon an te fèt pa nivo, aplikan ki apwouve yo te resevwa youn nan de montan yo selon prèv kalifikasyon travay yo te bay. Moun ki te kalifye pou Nivo 1 an te resevwa 15600\$ epi moun ki kalifye pou Nivo 2 a te resevwa 3200\$. Plis ke 99 pousan aplikan ki te apwouve yo te resevwa yon montan maksimòm de 15600\$. Tou de nivo yo te gen taks leta ak federal ki te ka soti ladan yo.

Administratè fon an te okòmansman te estime analiz ak tretman yo t ap pran jiska sis a uit semèn, men akòz bonjan kolaborasyon ant divès ajans Leta, yo te trete aplikasyon pou aplikan ki apwouve yo nan anviwon kat semèn (ni reklasmasyon ke to re refize avan epi ki vin apwouve aprè yon apèl). Jiska dat piblikasyon rapò sa a, plis pase 128000 aplikasyon te apwouve ak mwens depans administratif, tout 2 milya dola a te distribiye bay Nouyòkè ki kalifye.



"Finans lan chanje lavi m anpil. Mwen te an mezi pou m peye lwaye kite bout, retounen atan nòmal sou pèman m yo, peye kouran, entènèt epi mwen te menm kapab achte inifòm lekòl pou pitit fi mwen."


-Elvia

2. PREMÈ APWÒCH KOMINOTE A


Pandan pwomilgasyon lejislasyon EWF la, Minisè Travay (DOL) te kòmanse patenarya de prè avèk reprezantan Koalisyon Travayè Fon yo ak ajans gouvènman k ap desèvi popilasyon imigran yo. Pou Minisè Travay la, yon eleman kle nan reyalizasyon an te genyen yon apwòch "Kominote a Anpremye" ki enplike kolaborasyon avèk gwoup sa yo pou asire nou pwogram nan fèt inikman pou reponn avèk bezwen kominote l ap chèche benefisye a. Apwòch sa a pèmèt defansè yo bay fidbak kritik ki pèmèt lajan an distribiye bay Nouyòkè ki kalifye de fason pi efikas.

Konprann òganizasyon kominotè yo (community-based organizations, CBOs), souvan pi bon pou ede kominote ki afekte yo, Minisè Trvay (DOL) devlope tou yon Sansibilizasyon Fon pou travayè yo mete deyò ak yon Pwogram èd ki te bay 16 milyon dola an sibvansyon a 75 òganizasyon kominotè (CBOs) nan Eta Nouyòk.

Nan pwogram lan, patenarya finansman Minisè Travay la (DOL) avèk òganizasyon Kominotè yo te enpòtan. Chak CBO te resevwa ant 50000\$ a 300 000\$ an finans pou bay èd aplikasyon EWF, edikasyon, fòmasyon dirèk ak sèvis ki lye yo. CBO ki te resevwa finansman te konn travay avèk popilasyon kalifye EWF yo; kapasite pou pale, li, ak ekri kòrèkteman nan lang ki esansyèl; ak fè eksperyans avèk lòt efò agajman kominotè ak volontarya. Atravè Sansibilizasyon EWF la ak Pwogram èd la anpil òganizasyon kominotè (CBO) te resevwa finans leta pou premye fwa.



Estimated Impressions; Number of persons who viewed each campaign



Minisè Travay te lanse yon kanpay sansibilizasyon pou fè moun konnen pwogram lan, piske se te premye pwogram nan jan pa l nan echèl ak nan posibilite. Tankou mesaj sou rezo sosyal, evenman lokal an pèsòn, piblisite tradisyonèl sou televizyon, radyo ak enprime piblikasyon, ansanm avèk efò maketing sible sou tren ak bis nan zòn metwopoliten Nouyòk yo. Tablo sa a bay estimasyon sou kantite moun yo te touche atravè chak eleman kanpay la.

3. PATENARYA AVÈK MOUN KI GEN ENTERÈ ENPÒTAN YO

Nan kad apwòch Kominote a Avantou Ministè Travay Nouyòk la, patnè yo nan Eta Nouyòk bay opinyon kle nan tout aspè pwogram lan, ak aplikasyon an pou kont pa l, epi ede devlope règleman ki redwi anpil baryè pou yon moun aplike DOL rankontre regilyèman avèk patnè nan kominote yo nan tout eta a, ak reprezantan Koalisyon Travayè Yo mete deyò yo (Fund Excluded Workers Coalition), pou asire yo pwogram nan reponn avèk bezwen kominote l ap chèche benefisye yo. Pami pil pantè ke ajans lan te angaje li a, Ministè Travay fyè pou l te travay lajman avèk òganizasyon kominotè Koalisyon Travayè yo mete deyò ki anba yo:

- Community Resource Center
- Fiscal Policy Institute
- Make the Road NY
- National Day Labor Organizing Network
- New York Communities for Change
- New York Immigration Coalition
- Retail, Wholesale, and Department Store Union
- Urban Justice Center
- Worker Justice Center of NY



"Mwen te an mezi pou m aplike epi se te yon gran èd. Aprè yo fin diminye nan lè travay mwen, mwen pa t kapab kouvri depans pou m viv. Men aprè yon gwo konba, nou te ranpòte viktwa. Mèsi a tout moun ki te goumen."

- Yuriana

4. INNOVATIVE TECHNOLOGY SOLUTIONS

An patenarya avèk Google, Nuvalence ak Blackhawk Network, Ministè travay te itilize state-of-the art teknoloji pou yo fè yon aplikasyon pou mobil ki pèmèt aplikan yo: aplike sou entènèt 24/7 nan 13 lang diferan, verifye stati aplikasyon yo, resevwa mizajou regilyèman pa mesaj tèks oswa imèl, telchaje (upload dokiman) ak resevwa kat pèman prepeye pa lapòs yon fwa yo apwouve.

Lang ki disponib yo se Anglè, Arab, Bengali, Mandaren, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Italyen, Koreyen, Polonè, Ris, Espanyòl, Oudou ak Yidich (Yiddish).

Sipò Google la te konsantre sou yon konsepsyon modèn evolutif cloud ki senplifye tretman yo epi ede reponn avèk kantite ki elve yo.

Nuvalence te devlope yon aplikasyon itilizatèwo nivo, ki fasil pou moun itilize, ki te pèmèt aplikan yo mete dokiman yo sou aparèy mobil yo avèk kamera aparèy la. Aplikasyon an te fèt pou ede moun ki ka pa gen tout dokiman yo prè men ki vle jwenn yon fason pou yo kòmanse. Aprè yon aplikan te fin ranpli chak

paj, aplikasyon yo a te sovgade otomatikman konsa yo te ka retounen pou yo fin reponn kesyon yo oswa telechaje (uplaod) dokiman. Aplikan yo te an mezi pou yo itilize metòd kominikasyon yo prefere - mesaj tèks oswa imèl - epi resevwa yon notifikasyon nan langaj yo prefere nenpòt lè stati aplikasyon yo a te chanje.

Pa bò kote sèvis kliyantèl la menm, Sant Apèl Google la (Call Center AI, CCAI) ak chatbot soution te pèmèt aplikan yo resevwa enfòmasyon enpòtan sou pwogram lan nan lang yo prefere, ak mizajou antan reyèl sou stati aplikasyon yo, san yo pa bezwen tann pou yo pale avèk yon ajan.

Akoz de pil repons Fon pou travayè yo mete deyò (excluded workers fund) ansanm avèk yon revizyon ki nètman efikas ak pwosesis pèman benefizye plizyè milye Travayè ki kalifye nan tout eta a, Ministè Travay te sispann aksepte efektif aplikasyon an 8 Oktòb 2021 an a 7:30 p.m.

Sant Apèl AI (Call Center AI, CCAI)

Bay aplikan oswa potansyèl aplikan yo fleksibilite pou yo resevwa enfòmasyon ak mizajou sou stati yo ak pwograme randevou pou yo rele, konsa diminye kantite travay sant apèl la nan bay sipò antan reyèl.

Tablo Done

Bay piblik la anjeneral, bay defansè yo ak otorite nan gouvènman yo kapasite pou yo wè done pwogram lan antan reyèl, tankou kantite reklamasyon ki te apwouve ak fon ki te depanse, nòmalman sou sit entènèt EWF la.

Dokiman AI


Bay pwogram lan kapasite pou l rekonèt dokiman aplikan yo telechaje (upload) dirèkteman sou aplikasyon an epi otomatikman analize divès eleman done ki te gen nan dokiman sa yo pou asire entegrite.

5. RANPLI YON APLIKASYON

Lè aplikasyon yo te ouvri nan dat 1 Out 2021 an, aplikan yo te an mezi pou yo aplike sou entènèt 24 sou 24, 7 jou sou 7 avèk èd teknoloji state-of-the-art Ministè Travay la. Aplikan yo te an mezi pou yo pwograme yon tounen apèl la (callback) pou yo pale avèk yon reprezantan nan 24 a 48 èdtan nan sant apèl plizyè lang 600 moun Ministè Travay la ki te disponib sis jou pa semèn, soti 7 a.m. rive 7 p.m. pan jou lasemèn epi soti 9 a.m. rive 5 p.m. jou Samdi. Aplikasyon ak yon dokiman sou Kesyon yo souvan poze te disponib sou sit entènèt Ministè Travay la nan 13 lang diferan.

Atravè sit entènèt Ministè Travay la, aplikan ki t ap chèche èd pou aplikasyon te ka chèche yon òganizasyon kominotè (CBO) lokal ki bay sèvis nan pwòp lang yo nan yon lis ki gen 75 òganizasyon patnè.

Aplikan yo te kapab enskri pou mizajou pa mesaj tèks oswa pa imel nan lang prefere yo te itilize pou founi mizajou pandan yo t ap trete aplikasyon yo. Aplikan yo apwouve yo te resevwa yon Kat Prepeye pa lapòs nan adrès yo te bay nan aplikasyon yo a. Moun ki kat yo te an mezi pou yo itilize kat EWF la pou yo retire lajan kach avèk machann tout kote yo aksepte Kat debi Visa® nan Etazini.




*"Mwen degaje
anpil emosyon
pou sekou finans
lan. Mwen te an
mezi pou m reviv
avèk pitit gason m.
Mwen te an mezi
pou m tale nan
yon nouvo kay. Li
amelyore e chanje
lavi m!"*

- Rubi

6. TRETMAN APLIKASYON

A. Revizyon Aplikasyon ak Rezilta

Ministè Travay aplike yon pwosesis revizyon aplikasyon ki difize an liy ki fèt pou trete reklamasyon lejitim de fason efikas pandan elimine ak abòde sa ki fwod yo. Fon an te resevwa plis pase 350000 aplikasyon. Selon fon ki te disponib pou distribisyon, Ministè Travay la te an mezi pou l finance plis pase 128000 aplikasyon. Pou sa yo nou te refize, 88% se paske nou te sispèk yo se fwod, te resevwa lòt benefis, oswa te refè aplikasyon yo. Remak: Analiz yo pa t gen ladan yo reklamasyon ki te refize akòz yon mank finans. Men plis detay sou rezon ki pi komen yo ki fè nou te refize aplikasyon yo:



* Nan ka "doub aplikasyon", aplikasyon EWF yo san entansyon te kòmanse yon nouvo aplikasyon olye yo aksede ak aktyèl aplikasyon yo a. An repons, Ministè Travay la te an mezi pou l aplike yon amelyorasyon nan aplikasyon an ki te rann li pi klè pou aplikasyon k ap tounen aplike yo pou evite yo soumèt yon nouvo aplikasyon.

Ministè Travay te aplike yon pwosesis apèl ki te bay yon revizyon global sou refi yo. Aprè avi yon refi yon aplikasyon te gen opòtinite pou fè yon plent nan 7 jou. Aprè apèl la, aplikasyon yo te jwenn 7 jou anplis pou yo bay enfòmasyon si yo nesesè po fini pwosesis apèl la. Anviwon 25% apèl la te apwouve.

B. Pwoteje EWF Kont Fwod


Pwoteje lajan moun ki peye enpo yo kont fwod se te pi gran priyorite Ministè Travay, sitou kont yon seri bann kantite atanta fwod asirans chomaj pandan pandemi an. Gran mezi Ministè Travay te pran pou pwoteje w kont fwod, ak mezi deplaman sekirite avan gad tankou jeyolokalizasyon ak pousantaj limit pou pwoteje aplikasyon kont moun andeyò Etazini k ap eseye aplike pou benefis ak atak entelijans atifisyèl kont sistèm lan.

Atravè patenarya li a avèk Google, Ministè Travay te an mezi pou l devlope ak aplike yon bann relè mekanis deteksyon fwod sofistike - pa egzanp, similarite motè- prè pou idantifye ak anpeche aplikasyon ki gen menm eleman tankou men pèmi kondui oswa nimewo ITIN kontinye. Yo bay chak aplikasyon yon "nòt konfidansyalite" selon prezans endikatè fwod, bay jistifikatè yo aksè a enfòmasyon sa yo yon fason ki te fasil pou trete.

Anplis de sa, Ministè Travay te fè "verifikasyon an doub" avèk lòt ajans pou yo kapab verifye idantite aplikasyon yo ak istwa tranzaksyon an fonksyon de egzijans kalifikasyon pou pwogram lan. Finalman, nan soti kat debi prepeye ki sekirize ke yo ka voye sèlman nan adrès Eta Nouyòk epi egzije yon kòd PIN inik pou l aktive, Ministè Travay te an mezi pou l fè sèten ke fon yo ale jwenn aplikasyon lejitim yo dirèkteman epi anpeche detounman lajan de fason elektwonik ale nan lòt eta oswa peyi.



C. Dokiman yo te soumèt



Dokiman ki pi komen yo te soumèt te pèmi kondui Eta Nouyòk, prèv deklarasyon enpo oswa ITIN, paspò etranje, atestasyon bankè, IDNYC, ak fakti pou sèvis piblik. Plizyè dizèn milye aplikan te an mezi pou yo etabli kalifikasyon travay atravè yon aplikasyon "tax path" rapid ki itilize yon korespondans kwaze ant Ministè Travay ak Ministè Enpo ak Finans pou verifye aplikan an gen yon deklarasyon enpo leta youn nan twa ane ki pase yo.


Ministè Travay te travay de prè avèk Biwo Majistra Zafè Imigran Vil Nouyòk, ajans k ap administre IDNYC, atravè pwogram lan.

Epitou, yo te voye kominikasyon sible bay plis pase yon milyon moun ki gen kat IDNYC pou pale yo de pwogram sa a. Ministè Travay te adopte yon politik aksepte Kat Idantite (IDNYC) ki ekspire pandan pandemi an, ananm avèk règleman vil la.


Finalman, ranvèsman lejislatif leta yon règleman ki la depi 20 lane san imigran ki pa gen papye pa ladan l pou yo jwenn aksè a pèmi kondui leta bay ak pyès Idantite ki pa pèmi kondui te enpòtan anpil nan pèmèt plizyè dizèn milye aplikan EWF ki te pa t ka etabli idantite yo avan aksede a fon an.

7. PWEN DONE KLE

10 pi gran kòd postal Aplikasyon yo te apwouve



10 pi gran kanton Aplikasyon yo te apwouve



Nan yon efò kontinyèl pou bay piblik la transparans sou fon an, Ministè Travay Eta Nouyòk (NYS Department of Labor) te kreye yon tablobò ki gen analiz aplikasyon yo te mete ajou an tan reyèl epi mete l disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7 sou sit entènèt Ministè Travay Eta Nouyòk (NYS Department of Labor) sou: dol.ny.gov/excluded-workers-fund-data


Anba a kèk pwen done kle.

- Plis pase 350000 aplikasyon te soumèt epi plis pase 128000 te apwouve pou resevwa benefis.
- Tout 2 milya dola te bay pou pèman disi 1 Novanm.
- Nan aplikasyon ki apwouve yo, de sa ki pi komen yo lang ki pa lang Anglè te Espanyòl (42%) ak Mandaren (5%).
- Nou te resevwa aplikasyon yo tou an, Arab, Bengali, Mandaren, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Italyen, Koreyen, Polonè, Ris, Oudou ak Yidich (Yiddish).
- 33% travayè ki te apwouve yo te gen laj an 30 a 39 lane.





8. LÒT ISTWA DE NOUYÒKÈ YO



Pou ede pataje enpak fon pou travayè yo mete deyò (excluded workers fund) nou mete temwanyaj moun nan tout eta ki benefisye direkteman nan pwogram lan. San respè pou vi prive yo, nou ekri non yo konplè.

Anel

Mwen rele Anel, mwen soti Meksik epi mwen nan peyi sa pandan 23 lane. Li (EWF) se yon benediksyon paske se premye fwa yo pran nou an konsiderasyon epi li ede anpil. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Eta Nouyòk la ak lejislatè yo ki te aksepte pwopozisyon sa sitou tout òganizasyon ki te toujou ap travay di epi goumen pou imigran yo ki te rann li posib pou yo pa t retire nou. Se te yon gwo èd sitou pou nou pandan mwa livè yo lè li te pi difisil. Fon sa a pral ede nou anpil nan ba nou manje ak èd pou peye kèk nan sèvis nou yo tankou lwil, gaz ak elektrisite. Mèsi anpil.

Raymundo

Mwen te ale nan Etazini, kite madanm mwen ak de pitit mwen dèyè nan arabi sawoudit pou m travay pou yon lavi miyò demen pou yo. Mwen te andire kè brize ki te separasyon m avèk fanmi m jis pou m te fè ak sere lajan. Men lè pandemi frape a, travay an plen tan mwen an te vin a tan pasyèl epi mwen te dwe itilize sa m sere a ki te dwe ale pou fanmi m jis pou m te ka siviv. Lè mwen te tande pale de EWF, espwa m te renouvle epi mwen te aplike rapidman. Lè yo te mande m dokiman anplis, Damayan Migrant Workes Association te la pou ede mwen. Byen bonè, yo te apwouve m. Mwen kontan! EWF vle di plis ke jis èd finansye pou mwen. Sa vle di mwen ka finalman peye pou prezantasyon legal dosye Visa U mwen an, ki vle di mwen ka finalman gen yon fason pou m rete epi jwenn travay ki pi byen peye legalman. Sa vle di mwen gen pi bon chans pou fè plis kòb kidonk mwen ka finalman sekirize avni pitit mwen yo, epi finalman reyini avèk madanm mwen ak pitit mwen. EWF ede m fè sakrifis mwen yo vo lapèn.



Mercedes

Avan pandemi an te vini an, mwen t ap sipòte mari w ki malad ak sis timoun mwen nan Filipin. Lè pandemi an te mete nou nan konfinman an, mwen te pèdi travay mwen. Mwen pa t ka di fanmi m lakay mwen an Filipin sa. Mwen te eseye jwenn travay tout kote m te kapab pou m te siviv. Kounye a, EWF ede m kouvri depans medikaman pou mari m, repare kay nou nan Filipin epi menm pataje avèk yon ansyen kòlèg travay ki te malad avèk COVID-19. Mwen p ap viv avèk enkyetid ankò, men m ap viv avèk gratitud.

D.R.

Mwen te konn fè manje lakay mwen epi fè bon biznis. Men lè COVID la frape mwen t ap fè 20\$ nan yon semèn. Kèk semèn anyen menm. Se te lavi nou. Lè mwen te premye tande pale de EWF la mwen pa t panse li te posib, men kounye mwen kontan anpil. Mwen te rele pitit mwen an epi mwen di l "nou jwenn li!" Li di, "konbyen?" epi mwen di "15,000\$." Li pa t ka kwè sa. Yo degèpi nou de fwa nan twa dènye ane ki pase yo, epi resamman sa gen yon mwa. Sa ap dènye fwa. Sa p ap rive ankò. Mwen te di tèt mwen si nou jwenn kòb la, li pral kòmanse peye pou yon kay.

K.G.

Mwen t ap travay kòm yon moun k ap pran swen timoun (nanny) pou yon fanmi nan Chappaqua. Se yon travay atan plen kote m ap pran swen de timoun. Lè mwen te pèdi travay mwen, mari m avèk t ap akimile dèt. Avèk lajan sa a, nou peye bil kat kredi nou yo. Nou ka kòmanse panse pou yon pi bon bagay pùske n ap viv nan yon ti estidyo. Nou te bezwen plis espas paske nou te vle kòmanse yon fanmi epi nan estidyo nou ye kounye a pa gen ase espas. Si nou pa t jwenn èd la, nou pa t ap gen opsyon pou nou demenaje epi nou t ap kole nan menm espas la pandan lontan.



"Mwen souffri anpil anba strès dèske m pa t kapab ppeye pou elektrisite, gaz, lwaye, ak manje pou fanmi. Fon an te yon sekou pou tout fanmi m nèt, epi li mwens chaje sou sante."

- Pedro

Neftali

Fon pou travayè yo mete deyò (excluded workers fund) te ede m peye tout dèt mwen ki te ogmante pandan pandemi an. Mwen te an mezi pou m peye lwaye mwen epi rete lakay mwen.

Norman


Avèk lajan an, mwen planifye pou m peye dèt mwen yo ki te ogmante pandan pandemi an, epi achte yon nouvo kabann pou pitit fi mwen an.

Rosanna

Lajan te ede m rezoud anpil pwoblèm finansye pandemi an te lakoz. Kòm nou pa t resevwa okenn lòt èd, pi gran pwoblèm lan se te lwaye a. Avèk plis pase 2000\$ dola lwaye ki fin peye nèt, nou santi nou soulaje epi an sekirite paske nou gen yon kay pou nou rete. Mari m avèk mwen santi mwen presyon epi, pèsònèlman, mwen kwè ke lajan te ede m sove lavi m. Nou santi se kòm si nou retounen gen lavi, e mwen trè rekonesan.

TC

Pèdi revni te me m nan yon pozisyon kote fanmi ak mwen pa t ye pandan plis pase senk ane. Li te tèrifyan, e mwen pa t ka ede pou anpeche yo degèpi nou epi fèmen nou avi k ap parèt sou pòt nou an. Nou pa t ka peye fakti nou epi nou te dwe mete priyorite sou telefòn nou ak entènèt nou paske sè m lan te toujou lekòl. Tout bagay t ap prale nan aryere. Resevwa lajan te ede anpil.



Gade pandan Sara, yon moun ki te resevwa Fon pou travayè yo mete deyò (excluded workers fund), k ap detaye lit fanmi l pandan pandemi an epi montre kijan benefis EWF yo pèmèt li vire bagay yo. Nou te tande Diana Cruz tou, Direktè Columbia County Sanctuary Movement, sou eksperyans li nan ede travayè yo soumèt aplikasyon yo epi jwenn apwobasyon.

Entèvyou Sara: on.ny.gov/ewfsara

Entèvyou Diana: on.ny.gov/ewfsara

9. MANJE RETORAN VANN OU KA ALE AVÈK LI

- Pwogram EWF la te reyalize e egzekite rapid.
- Pwosesis aplikasyon an te efikas, amikal e rapid. Aplikasyon pou sèlman te disponib nan 13 lang dferan epi aplikan yo te ka aplike fasil sou telefòn entelijan.
- Lavi plis pase 128000 Nouyòkè touche de fason pozitif e kòrèkteman daprè rezilta dirèk fon sekou sa yo.
- Plis moun ke sa ki te antisipe avan yo, anviwon 99%, te kalifye epi te resevwa finans Nivo 1 (15600\$).
- Oganizasyon Kominotè patnè yo te enpòtan anpil pou reyisit EWF pa mwayen èd pou aplikasyon dirèk, edikasyon ak fòmasyon yo te bay.
- Benefisyè fon an, anpil ladan yo te pè oparavan oswa yo pa t kwè ajans gouvènman yo, pran konfyans ak konfidans nan gouvènman leta.

Konklizyon

Fon pou travayè yo mete deyò (excluded workers fund) distribiye 2 milya dola a plizyè dizèn milye Nouyòkè -- nan twa mwa pandan premye aplikasyon yo -- pou sipòte efò Nouyòkè yo pou yo rebati ak rekipere de pande COVID-19 la. Premye finans nan fason pa l sa a ta dwe sèvi kòm yon modèl pou gouvènman lola ak leta nan tout peyi a, kèk ladan yo gentan ap refè efò Nouyòk yo. EWF se yon ilustrasyon pwometan de yon pwogram gouvènmantal a gran echèl ki reyisi, ki reyalize rapid epi atenn objektif li ki se pote sekou finansye bay travayè yo nan tout eta a ki te pèdi revni yo pandan pandemi an epi ki pa t kalifye pou benefis pou pandemi COVID-19 ke gouvènman an te bay yo. EWF la montre kisa yon vrè patenarya kolaboratif an gouvènman, gwoup defansè, òganizasyon kominotè (CBOs) ak (teknoloji) sektè prive a ka akonpli lè nou mete tèt ansanm avèk menm objektif epi pote yon bon rezilta ki fè enpak sou lavi moun nan fason ki kòrèk.



WE ARE YOUR DOL



excluded
WORKER\$
fund